

## KOUNYE A N AP AKSEPTE APLIKASYON POU ANE AKADEMIK 2019-2020 AN

## APLIKE SOU ENTÈNÈT SOU: HEBREWPUBLIC.ORG/ENROLL

**Hebrew Public** se yon rezo ak plizyè lekòl endepandan ki anseye tout kalite timoun Ebre Modèn epi prepare yo pou yo vin bon sitwayen global. Ou ka enskri pitit ou a nan youn nan twa (3) lekòl nou yo nan Brooklyn oswa nan Manhattan. Lekòl nou yo gratis epi pòt nou louvri pou tout moun, epi yo pa oblije konnen ebre deja.

**Angle ak Matematik**

- Nou te kreye pwogram Anglè ak Matematik nou yo pou satisfè bezwen inik chak elèv.
- Nan lang anglè, elèv yo aprann kijan pou li byen pou jwenn sans sa y ap li a epi nou kore yo ak bonjan pwogram alfabetizasyon tankou Wilson Fundations fonetik ak lekti, epi ThinkCERCA pou ekri.
- Kourikoulòm Matematik nou an konsantre sou rezoud pwoblèm an detay, ak sipò pwogram EngageNY ak Eureka Math yo.

**Syans / Teknoloji ak Syans Sosyal**

- Nou itilize kourikoulòm Science Dimensions nan, ak sipò teknoloji youn-a-youn nan chak sal klas (kote nou itilize iPad ak lòt aparèy konsa). Nou itilize pwogram Keyboarding Without Tears nan pou montre tape.
- Kourikoulòm Pearson Social Studies nan konsantre sou "gran lide yo" nan listwa, kilti, ak aktyalite, epi li ede elèv yo analize kesyon ak pwoblèm enpòtan.

**Ebre ak Izrayèl**

- Elèv yo resevwa ansèyman chak jou nan lang Ebre Modèn nan men pwofesè ki kalifye, pifò ladan yo se moun ebre se lang natifnatal yo.
- Kilti a ak istwa Izrayèl entegre nan sijè tankou ebre, syans sosyal, ak boza.
- Elèv nan klas wityèm ane yo kalifye pou ale nan yon vwayaj 10 jou Izrayèl kote yo pral viv nan lang ak kilti peyi a.

**Sèvis Sipò pou Elèv yo**

- Nou ankouraje Aprantisaj Sosyal ak Emosyonèl pou tout elèv yo atravè yon kilti nan tout lekòl ki montre senpati, bonte, ladrès nan kominikasyon, ak travay ann ekip.
- Nou bay sipò pou elèv ki ap aprann anglè kòm yon nouvo lang.
- Pwogram edikasyon espesyal nou an gen ladan sèvis tankou terapi fizik, terapi lapawòl / langaj, terapi okipasyonèl, ak terapi konsèy. Epi tou nou ofri yon modèl ko-ansèyman pou elèv ki kalifye yo, kote yon pwofesè edikasyon espesyal ak yon pwofesè edikasyon jeneral travay nan yon sèl salklas.
- Pwogram apre lekòl yo varye selon lekòl la, epi nou ofri klas tankou a, mizik, espò, echèk, ak konsèy elèv.

HEBREW PUBLIC
Charter Schools For Global Citizens

**BONKALITE. PLEN AKKONESANS. EDIKASYONNAN 2 LANG.**

HEBREW PUBLIC
Charter Schools For Global Citizens

# Aplike Jodiya menm!

## ENFÒMASYON KONSÈNAN ELÈV LA

Prenon elèv la* _

Siyati elèv la* _

Dat nesans elèv la* / /_

Sèks elèv la* Gason Fi

Adrès * (a nimewo apatman an ladan) _

Vil * _ Eta * _ Kòd postal * _

Elèv klas la ap aplike pou li a * _ Lekòl elèv la ye kounye a _

Eske aplikan an gen yon frè oswa sè ki nan yon lekòl Hebrew Public kounye a? Wi Non

Èske gen yon frè oswa sè k ap aplike kounye a. Wi Non

Si repons la se wi - tanpri bay non, dat nesans, klas ak lekòl frè oswa sè a
(Tanpri ranpli yon aplikasyon separe pou chak timoun).

## ENFÒMASYON KONSÈNAN PARAN/RESPONSAB LEGAL

Prenon ak siyati Paran/Responsab Legal la* _

Imèl Paran/Responsab Legal la* _

Sa li ye pou timoun k ap aplike a*

Adrès kay Paran/Responsab Legal la _

Vil Eta Kòd postal _

Nimewo telefòn* _

Kijan ou te fè vin konnen nou? _

## ENFÒMASYON KONSÈNAN APLIKASYON POU LEKÒL LA

Tanpri tcheke bwat akote lekòl w ap aplike a/yo. **Eskane fòm sa a epi voye li pa imèl bay lekòl w ap aplike a/yo.**

o **Harlem Hebrew Language Academy Charter School: Klas Matènèl jiska 7tyèm Ane** | 147 St. Nicholas Avenue, New York, NY 10026
212.866.4608 | info@harlemhebrewcharter.org

o **Hebrew Language Academy Charter** | 2186 Mill Avenue, Brooklyn, NY, 11234
718.377.7200 | info@hlacharterschool.org

o **Hebrew Language Academy 2 Charter School: Klas Matènèl** | 1870 Stillwell Avenue, Brooklyn, NY, 11223
718.682.5610 | info@hla2.org

**Dat limit pou aplike - 1ye avril 2019. Dat lotri: HLA & HLA2 -9 avirl 2019 Harlem Hebrew - 10 avril 2019. Se responsablite w pou fè swivi ak lekòl la pou asire yo te resevwa aplikasyon w lan nan telefòn oswa imèl**. Nou pa fè Diskriminasyon: Yon lekòl endepandan pa dwe fè diskriminasyon kont okenn elèv oswa pa kite yon timoun enskri nan lekòl la pou okenn rezon ki ilegal, tankou poutèt gwoup etnik, orijin nasyonal, sèks, andikap, kapasite entelektyèl, mezi reyisit oswa aptitid, kapasite atletik, ras, kwayans, sèks, orijin nasyonal, relijyon, oswa kote zansèt li soti. Yon lekòl pa dwe mande yon elèv oswa fanmi fè okenn bagay (tankou yon tès, entèvyou, redaksyon, patisipe nan yon seyans enfòmasyon, elatriye, pou antre nan lekòl ) pou yon aplikan kapab swa resevwa oswa soumèt yon aplikasyon pou antre nan lekòl sa a. *** Sa ki make ak yon etwal (*) yo se sèl bagay ki obligatwa pou aplike nan lekòl endepandan sa a. Nenpòt sa kipa make ak yon (*) pa obligatwa.**